

Dépliant – L'assurance médicaments, c'est obligatoire !

Version en créole haïtien

Asirans pou medikaman yo obligatwa!

Tout moun k'ap viv Québec e ki genyen asirans maladi, kit li gran moun ou byen ti moun, li dwe genyen avèk li toutan, you asirans pou medikaman, mèm si li pa itilize asirans sa souvan.

Moun ki genyen delè, men ki pako genyen asirans, epi k'ap tann asirans maladi Québec asepte yo, yo pa oblije genyen you asirans pou medikaman pandan ti tan y'ap tann asirans maladi Québec la reponn yo.

Nan Québec, genyen de rejim asirans ki pou medikaman yo :

- Rejim asirans prive yo (asirans an group ou avantaj sosyal)
- Rejim asirans piblik, se you asirans ke Québec bay.

Si nou genyen you asirans prive nou dwe abonnen avèk asirans prive a, ousinon nou dwe enskri nan rejim asirans piblik la, n'ap jis rele reji asirans maladi Québec la pou nou ka fè enskripsyon a.

Verifye sitiasyon pa w la sou www.ramq.gc.ca sa ap ede w evite problèm

You moun kip pa asepte pou li genyen you asirans pou medikaman, li pral genyen pou li peye Revenu Québec you kantite lajan ki menm valè ak lajan rejim asirans piblik la pou tout mwa moun la pa te genyen okin asirans.

You lòt bagay, you moun ki enskri nan rejim asirans piblik la, epi li te genyen you asirans prive, li pral genyen pou li remèt Reji a tout lajan yo te peye medikaman pou li pandan ti tan li pa te genyen asirans prive a. Aprann sa, Reji a fè verifikasyon toutan , ansanm avèk Revenu Québec.

Rejim asirans prive yo

Genyen de fason ki kapab pèmèt nou genyen you asirans prive :

- Nan kad travay nou ousinon porfesyon nou (patwon nou, sendika nou ou asosiyason nou ou group profesyonèl ki rekonèt, tout moun sa yo kapab pèmèt nou genyen you asirans prive)

- Si madanm ou byen mesye genyen you asirans prive, youn ka fè lòt jwenn li tou ousinon paran nou kapab fè nou jwenn li tou si li genyen asirans prive a.

Si nou genyen you rejim asirans prive, nou dwe abonnen avèk li e nou dwe bay mari ou madanm ak pitit nou dwa asirans sa tou, si yo pa te ko genyen asirans sa deja. Lòske nou abonnen avèk you rejim asirans prive, nou dwe koupe asirans piblik la, n'ap jis rele Reji a pou nou fè sa.

Nan zafè Konjwen(mari ak madanm) ak ti moun.

Nou konsidere Konjwen kòm de moun (de moun ki genyen sèks ou byen kò diferan, n'ap pale de kò fi ak kò gason ou byen konjwen ki genyen mèm sèk ou mèm kò, n'ap pale de fi ak fi ou byen gason ak gason)

-noun kii marye nan legliz oubyen ki fè maryaj sivil, sa nou di ki fèt devan leta

-moun k'ap viv ansanm depi 12 mwa (mèm si you relasyon kraze nan mwens 90 jou, li konsidere kòm peryòd 12 mwa)

-moun k'ap viv ansanm (san kontrole tan yo genyen ansanm la) e moun sa yo genyen you ti moun ansanm(pròp pitit yo ou byen ti moun yo adopte)

Nou konsidere kòm **ti moun** you moun :

- ki pako genyen 18 tan
- ki genyen 18 tan jiska 25 an, ki ale lekòl tan plen, ki san madanm ou byen mari e k'ap viv ak paran l

lòske ti moun la genyen 18 an, paran yo dwe mande asirans prive yo genyen you oubyen Reji pou alonjo asirans ti moun la si ti moun la respekte kondisyon sa yo nou fenk sot bay la ou byen ki ekri an lè fraz sa.

Rejim asirans piblik

Yo asepte moun sa yo pou rejim asirans piblik la :

-moun ki pa genyen asirans prive.

-moun ministè anplwa e solidarite sosyal bay you kanè reklamasyon

-moun ki genyen 65 an e plis ke 65 an. Mèm si nou genyen 65 ans, nou kapab kontinye genyen you asirans prive ki pou kouvri nou. Si nou chwazi kenbe asirans prive a e l li bay menm bagay ak asirans piblik la, fòk nou rele asirans piblik pou nou ka koupe enskripsyon lè sa n'ap kominike ak Reji a ;

-pitit moun ki déjà genyen rejim asirans piblik la.

Koman asirans piblik la kapab kouvri nou?

Nou dwe rele Reji a pou nou kapab enskri nan rejim asirans piblik.

Tande byen, tout moun ki genyen kanè reklamasyon e moun ki genyen 65 an e plis ke 65 an yo enskri nan reji a otomatikman.

Ki papye pou nou prezante

Nan famasi a, nou dwe prezante ak kat asirans maladi nou, men fòk li pa ekpire e kanè reklamasyon nou si yo mande nou li.

Rejim Piblik asirans medikaman yo

Sa ke nou peye nan famasi a

lajan nou peye pou medikaman nou yo rele kontribisyon. Se you franchiz (franchise) e Koasirans(coassurance)

Ki sa franchiz la ye ?

se you montan ke yo fikse, e ou peye chak mwa, lè w ap achte medikaman .

Ki sa koasirans la ye?

Koasirans, se you pousantaj lajan yo kalkile sou pri medikaman yo ke yo retire franchiz la nan pousantaj la ki dwe peye a.

Ki Kantite lajan nou peye chak ane

Kèlke swa rejim asirans ou a (kit li prive ou piblik), genyen you kantite lajan pou w peye chak ane ki kouvri medikaman w yo. Kompayi asirans la dwe proteje e respekte lajan sa. Si ou chanje rejim asirans pandan ane a sa vle di ou pran you lòt asirans, w'ap mande premye asirans la konbyen kantite lajan w la ye, epi w'ap transfere kantite lajan sa a lòt asirans ou fenk pran an pou li ka rann kont de kantite lajan ou te déjà peye a premye asirans la.

Montan pou rejim piblik la

Ka sa nan tout konpayi asirans, genyen you montan ki pou peye pouke nou kapab jwenn kouvèti rejim piblik la, kit nou achte medikan ou pa, montan ap toujou peye. Se Revenu Québec ki wè l konsa e montan a kalkile nan deklarasyon revni yo. Montan varye selon revni moun la e sitiyasyon famiyal moun li.

Pou nou konen montan, kantite lajan , franchiz , ni pousantaj koasirans,
n'ap jis ale sou sit entènèt Reji a.

Pou nou jwenn plis enfòmasyon

Nou envite nou ale vizite sit sa.

www.ramq.gouv.qc.ca

Nou kapab jwenn enfòmasyon nan telefòn

A Québec

418 646-4636

A Montreal

514-864-3411

Si nou pa nan Québec

1800 561-9749

ATS

(se you aparèy telekominikasyon pou moun ki soud)

418 682-3939 (à Québec)

1800 361-3939 (Moun ki soud ki pap viv Québec)

Si nou vle ekri nou

Regie de l'assurance maladie Québec

Case postale 6600

Québec (Québec) G1k 7T3

Lè nou ouvri yo se

Lendi, madi, jedi, e vandredi : 8h30 jiska 16h30

Si nou rele avan 8h30 e aprè 16h30 e samdi, se you aparèy otomatik k'ap ban nou enfòmasyon yo.